

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa hasil kréativitas imajinatif pangarang ngaliwatan prosés *perenungan* ngeunaan hakékat hirup jeung kahirupan. Eusi karya sastra ilaharna nyokot tina pangalaman pangarangna sorangan atawa pangalaman batur, ngeunaan kahirupan sabudeureun pangarang, sarta imajinasi pangarangna sorangan. Karya sastra nyaéta ungkapan pribadi manusa nu mangrupa pangalaman, pamikiran, rasa, idé, sumanget kayakinan dina hiji bentuk gambaran anu *konkret* nu bisa ngahirupkeun pesona ngaliwatan basa (Sumardjo jeung Saini dina Rokhmansyah, 2014, kc. 2).

Karya sastra lain saukur wadah pikeun ngébréhkeun naon-naon nu aya dina pamikiran pangarang ngeunaan gagasan atawa idé kréatifna. Ilaharna pangarang ngébréhkeun imajinasina ngeunaan kaayaan lingkungan sabudeureunana. Hartina, unggal eusi carita tina karya sastra boh lisan boh tulisan teu bisa leupas tina aspék-aspék sosial. Aspék sosial nyaéta hal-hal nu patali jeung sistem kahirupan di lingkungan masarakat. Aspék sosial kabagi jadi lima bagian, nya éta aspék sosial agama, aspék sosial atikan, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik, jeung aspék sosial moral (Soekanto, 2014, kc. 78).

Aspék-aspék sosial nu nyangkaruk dina eusi karya sastra aya, lantaran pangarang miboga tujuan pikeun nepikeun amanat atawa ajén ka nu maca boh sacara langsung boh teu langsung ngaliwatan tulisan. Jaman kiwari, loba pangarang nu ngangkat téma nu aya hubunganana jeung sosial, tujuanna pikeun ngageuing kasadaran manusa dina ngajalankeun kahirupan sapopoéna.

Dumasar wangunna, karya sastra kabagi tilu nya éta prosa, puisi, jeung drama. Prosa nyaéta karya sastra nu karanganna ngagunakeun basa sapopoé atawa lancaran. Prosa kabagi dua dumasar waktu gelarna nya éta prosa heubeul/

klasik jeung prosa anyar/modern. Novel, carita pondok, jeung drama kaasup kana prosa modern lantaran ngagunakeun basa lancaran. Carpon salah sahiji wangun karya sastra nu jadi jalan pikeun pangarang nepikeun idé atawa gagasanna sacara singget. Lantaran dina carpon jalan caritana teu réa, palakuna ogé ukur dua atawa tilu urang (Isnendes, 2010, kc. 29).

Sanajan jalan carita carpon basajan atawa museur kana hiji kajadian, teu nutup kamungkinan yén carpon miboga aspék jeung ajén dina eusi caritana pikeun ditepikeun ka nu maca. Salah sahijina nu ilahar nyangkaruk dina karya sastra nyaéta aspék sosial, lantaran patali jeung kahirupan sapopoé. Ku kituna, dina unggal carita nu bédha pangarangna pasti miboga pangbéda dina eusi caritana utamana dina aspék jeung ajén, sanajan téma caritana sarua.

Dina ieu panalungtikan, ditalungtik buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13. Dina éta kumpulan carpon téh nyangkaruk rupa-rupa aspék sosial ngeunaan kahirupan antara manusa ka manusana. Dina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13 loba carpon nu nyaritakeun ngeunaan kahirupan hiji jalma di kulawargana, sarta di sosialna nu patali jeung kisah *asmarana*. Rupa-rupa alur caritana, kasang tukang palakuna, kitu deui eusi caritana.

Buku kumpulan carpon *Cinta* mangrupa buku kalima karya Panglawungan 13 nu dipangjajapan ku Aam Amilia. Panglawungan 13 mangrupa hiji kumpulan pikeun diajar nulis atawa ngarang, saperti kelas diajar nu anggotana miboga kasang tukang bédha-bédha, aya guru, dosén, sastrawan, mahasiswa, ibu rumah tangga, jeung sajabana. Panglawungan 13 aya opat entragan nu dibagi dumasar waktu gabungna di panglawungan 13.

Dina buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13 diwangun ku 23 carpon nu ditulis ku 23 pangarang ti opat entragan. Karya entragan kahiji dina ieu buku nya éta aya dalapan carpon, nya éta “Cinta” karya Téty S. Nataprawira,

“Nratat Duriat” karya Ati Amiati Sadeli, “Malieus” karya Barkatun Nisa, “Ligarna Haté” karya Nyi Roro, “Dulang Tinandé” karya Ida Haka, “Kingkilaban Peuting” karya Émha Ubaidillah, “Sémah Tengah Poé” karya Écép Yuli Sukmara, “Cinta Pamungkas” karya Minto T. Risono. Anu satuluyna karya entragan kadua aya lima carpon, nya éta “Balakaciut” karya Yooke Tjuparmah Soeriaamidjaja, “Tibelat” karya Dian Wulan, “Nu Kungsi Dipiharep” karya Sofyan Limbangan, “Deudeuh Teuing Buah Haté” karya Iwan M. Ridwan, “Mamaras Rasa” karya Ajat S. Komar. Aya dalapan carpon karya entragan katilu, nya éta “Kagémbang Kalangkang Heulang” karya Rin Riani, “Katumbiri Melengkung ka Gintung” karya Tuty Heryati, “Di Cimumut Aya Imut” karya Evi Sulastri, “Gunung Puntang Mawa Kamelang” karya Dédéh Soeciat, “Langit Nguyung di Kuanino” karya Agus R Munggaran, “Sanggeus Sapuluh Taun” karya Éryandi Dahlan, “Nu Teu Dipiharep” karya Zénal Wahyu, “Dirapalan” karya Yadi Karyadiputra. Anu pamungkas aya dua carpon karya entragan kaopat, nya éta “Mun Seug Apal ti Baheula” karya Élih Hérlina, jeung “Tasma” karya Walid Muhammad Taufik.

Sakumaha anu geus dipedar di luhur, salian ti carpon miboga aspék-aspék nu nyangkaruk dina eusina, tangtu carpon ogé miboga struktur carita anu nyampak saperti karya sastra lianna. Robert Stanton (dina Isnendes, 2010, kc. 92) nétélakeun yén karya faksi unsur-unsurna diwangun ku (1) téma carita; (2) fakta carita (alur, tokoh, latar); jeung (3) sarana carita (puseur implengan, jeung judul). Ayana struktur carita kawilang penting dina carita, lantaran struktur téh mangrupa pangwangun dina carita pikeun dipikanyaho ku nu maca. Sanajan carpon mangrupa hasil pamikiran imajinasi pangarang dina wong tinulis, tapi eusi caritaan tina hiji karya bisa dijadikeun tolak ukur sosial dina kahirupan di lingkungan masarakat.

Dina ieu panalungtikan ditalungtik ngeunaan struktural sastra nu ngagunakeun pamarekan struktural téori Robert Stanton. Lian ti strukturalna,

ieu kumpulan carpon ogé ditalungtik ngeunaan aspék sosialna nu aya dina sababaraha carpon di kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13. Nurutkeun Soekanto, aspék sosial kabagi jadi lima bagian, nya éta aspék sosial agama, aspék sosial atikan, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik, jeung aspék sosial moral. Alesan panalungtik nyokot buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13 pikeun dijadikeun objek panalungtikan téh lantaran dina carpon-carpon nu aya dina ieu buku, ditulis ku sababaraha pangarang nu miboga kasang tukang sosial béda-béda. Gédé kamungkinan bakal kapanggih aspék sosial nu béda-béda dina unggal eusi carponna. Tina eusi caritana ogé teu jauh tina kahirupan sapopoé di lingkungan sabudeureun nu maca, sangkan bisa meré ajén-ajén kahirupan. Saperti dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep”, didinya palaku utama kuméok méméh dipacok lantaran pagawéanana nu ahirna aya rasa hanjakal. Teu saperti dina carpon “Ligarna Haté”, didieu nyaritakeun Chandra nu satékah polah keur nyieun haté Bapana Sondari léah.

Hal éta bisa dijadikeun niléy-niléy kahirupan keur nu maca di masarakat nyaéta ulah kuméok méméh dipacok, kudu dicobaan heula ku usaha sabisa-bisana urang. Lian ti éta, ieu buku kumpulan carpon téh kawilang anyar, tangtu can aya nu nalungtik. Ku sabab kitu, panalungtik nyokot judul “Kumpulan Carpon *Cinta* karya Panglawungan 13 (Ulikan Struktural jeung Aspék Sosial)” nu baris ngagunakeun pamarekan struktural Robert Stanton jeung aspék sosial Soejono Soekanto.

Saacanna dina hasanah panalungtikan sastra Sunda geus réa panalungtikan nu nalungtik ngeunaan struktural jeung aspék sosial dina karya sastra, nya éta ku Mah Kimkim (2022) kalawan judul Kumpulan Carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13 (Ulikan Struktural jeung Aspék Sosial); ku Reni Tania N (2021) kalawan judul Aspék Sosial dina Kumpulan Carita Pondok *Layung* karya Aam Amilia; ku Wais Al-Qorni (2020) kalawan judul Aspék Sosial dina Novél *Kabandang Ku Kuda Lumping* karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran

Maca Novél di SMP : Ulikan Struktural jeung Sosiologi Sastra; sarta ku Kurnia Sari (2019) kalawan judul Aspék Sosial dina Kumpulan Carita *Budak Ulin di Monumén* karya Tétti Hodijah.

Dumasar panalungtikan nu geus disebutkeun di luhur jeung panalungtikan nu baris diayakeun miboga sasaruuan nyaéta sarua ngabahas struktural jeung aspék sosial nu aya dina karya sastra. Ari anu ngabédakeunna tangtu dina objek panalungtikan nu digunakeun nyaéta buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13. Dina panalungtikan sastra jarang aya nu nalungtik ngeunaan aspék sosial dina carpon, utamana carpon Sunda. Ku kituna, dina ieu panalungtikan nu baris dilaksanakeun, dipiharep bisa nambahin bahasan ngeunaan struktural jeung aspék sosial hususna dina carita pondok Sunda sarta dina hasanah karya sastra Sunda.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi masalah, dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap, nya éta :

- 1) kumaha struktur carita pondok (téma, fakta carita, jeung sarana carita) dina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13?
- 2) aspék sosial naon waé nu aya dina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta di handap ieu.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan sacara umum ieu panalungtikan dilaksanakeun nyaéta pikeun nganalisis carpon dina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13 dumasar ulikan struktural jeung aspék sosial.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun ngeunaan.

- 1) Struktur carita pondok nu aya dina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13.
- 2) Aspék sosial nu aya dina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan dibagi jadi mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat téoritis ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngahasilkeun karya tulis ilmiah nu bisa nambahana kabeungharan panalungtikan sastra hususna dina ulikan struktural jeung aspék sosial, hususna dina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtikan kahareupna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat.

- 1) Pikeun panalungtik, miboga pangalaman dina maham jeung ngulik pangaweruh ngeunaan struktur carpon sarta bisa mikanyaho aya aspék sosial naon waé dina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13.
- 2) Pikeun masarakat, dipiharep bisa nambahana pangaweruh ngeunaan aspék sosial nu aya di masarakat dina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13.
- 3) Pikeun panalungtik satuluyna, bisa dijadikeun sumber référénsi atawa pangdeudeul dina kajian sastra Sunda, hususna nu patali jeung aspék sosial.

1.5 Struktur Organisasi Skripsi

Ieu skripsi diwincik kana lima bab, nyaéta di handap ieu.

BAB I BUBUKA

Dina bab hiji dipedar kasang tukang diayakeunna panalungtikan, rumusan masalah anu baris ditalungtik, tujuan diayakeunna panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta rarada nyusun laporan panalungtikan.

BAB II ULIKAN TIORI

Dina bab dua dipedar tiori-tiori anu patali jeung objék anu baris ditalungtik, nya éta ngeunaan carpon, tiori struktural jeung aspék sosial.

BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Dina bab tilu dipedar ngeunaan métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, cara ngumpulkeun data, ngolah data, desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, sarta instrumén anu dipaké.

BAB IV ANALISIS JEUNG PEMBAHASAN

Dina bab opat dipedar jeung dianalisis data-data panalungtikan ngaliwatan instrumén anu geus ditangtukeun, sarta museur dina ngajawab rumusan masalah.

BAB V PANUTUP

Dina bab lima dicindekkeun hasil tina pedaran anu aya di bab opat, hasil akhir panalungtikan, sarta méré rékoméndasi dumasar kana hasil anu kapanggih.